

Direktiv pou Pasyan pou Vizit Telesante an Gwoup nan Sikyatri pou Pasyan Ekstèn nan

Chak departman gen direktiv pa li pou gwoup pasyan

- **Vini alè** - bay tèt ou kont tan pou konekte sou òdinatè/tablet/telefòn entelijan an, enstale tout bagay, epi verifye tout bagay mache byen
- **Konfidansyalite**
 - Tout bagay yo di nan gwoup la konfidansyèl
 - Pa bay lòt moun non patisipan yo epi pa rakonte istwa yo
 - Pa ni anrejistre videyo oswa odyo ni pran foto gwoup la
 - Patisipe nan vizit la yon kote prive pou patisipan yo pa bezwen enkyete dèske gen lòt moun k ap tande enfòmasyon yo
- **Respekte lòt moun yo**
 - Koute lòt moun yo epi respekte kwayans yo
 - Tanpri bay tout patisipan yo tan pou yo pale epi suiv pwosede gwoup la dakò sou li an sou lè pou pale
 - Pa ni sèvi ak telefòn ou, ni manje, ni fimen pandan w nan gwoup la
 - Koute jan patisipan yo idantifye tèt yo epi lè w ap pale avèk yo sèvi ak non ak pwonon yo pito a (he/she/they)
- **Sèvi ak teknoloji an kòm sadwa**
 - Tanpri mete odyo ou sou bèbè jiskaske li vin lè pou w pale
 - W ap sou videyo ak odyo donk tanpri fè atansyon ak anviwònman ou
 - Pou anpeche lòt moun wè lakay/anviwònman ou, pa ezite chanje sèn ou nan paramèt Google Meet yo
 - Si ou gen lòt moun lakay ou, tanpri sèvi ak ekoutè epi patisipe apati de yon pyès prive
 - Pa vin nan vizit an gwoup pandan w ap kondui
 - Ou dwe konnen patisipasyon nan vizit an gwoup gen dwa gen konsekans sou plan done yo
- **Pa bay detay chokan ki gen dwa lakòz reyaksyon**
 - Sèvi ak mo jeneral (vyolans nan pawòl/vyolans fizik)
 - Pa bay metòd pou moun fè tèt yo mal, eseye touye tèt yo, oswa detay sou pran dwòg
 - Konsantre sou efè eksperyans yo te gen sou ou
- **Pa pran ni pwodui ilegal, ni alkòl, ni marijàn pandan vizit an gwoup la**
 - Pa patisipe ni pandan ou sou ni pandan ou sou enfluyans dwòg
- **Si ou santi ou bezwen ankadreman epi ou pa alèz pale nan gwoup la**, tanpri rele nimewo mesaj vokal yo bay nan konvèsasyon sou entènèt la nan kòmansman vizit la

- **Si nan nenpòt ki moman w ap reflechi sou touye tèt ou, al nan Sal Dijans ki pi pre w la**
- **Si ou nan yon sitiyasyon kriz mantal oswa toksikomani, rele pwogram Sèvis Dijans la (Emergency Services Program)/Ekip Mobil Entèkansyon nan Kriz la (Mobile Crisis Intervention Team) nan 1 (877) 382-1609**